**दिन–रविवार** **दिनांक–16.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

---

नव दिल्ली रेलवे स्टेशन पर काल्हि सांझ भेल यात्री सभक भगदड़ के घटना मे मृतक के संख्या अठारह भऽ गेल अछि। मृतक सभ मे एगारह महिला आ पांच बच्चा सम्मिलित छथि। भगदड़ मे कतेको लोक घायल सेहो भेलाह अछि। अधिकारी सभ जनौलनि जे प्रयागराज जएबाक लेल रेलगाड़ी सभ मे सवार होयबाक लेल प्रतिक्षारत यात्री सभक भारी भीड़क कारणे ई भगदड़ भेल।

---

घटना मे घायल लोक सभ के नव दिल्लीक लोकनायक जयप्रकाश नारायण अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल अछि। अस्पतालक हेल्पलाईन नंबर– नओ आठ सात तीन छओ एक सात शून्य दू आठ आ शून्य एक एक दू तीन पांच शून्य एक दू शून्य सात पर संपर्क कऽ घायल सभक संबंध मे जनतब लेल जा सकैत अछि।

---

रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव के निर्देश पर गठित उच्च– स्तरीय समिति भगदड़क घटनाक जांचक काज आरंभ कऽ देलक अछि। एहि समिति मे रेलवेक प्रधान मुख्य वाणिज्यिक प्रबंधक नरसिंह देव आ प्रधान मुख्य सुरक्षा आयुक्त पंकज गंगवार के सम्मिलित कयल गेल अछि। उत्तर रेलवेक मुख्य जनसंपर्क अधिकारी हिमांशु शेखर उपाध्याय जनौलनि जे मारल गेल लोक सभक परिजन सभ के दस–दस लाख टाका आ गंभीर रूप सँ घायल सभ के अढ़ाई–अढ़ाई लाख टाकाक अनुग्रह राशि देल जायत। श्री उपाध्याय जनौलनि जे एहि घटना मे मामूली रूप सँ घायल लोक सभ के एक–एक लाख टाकाक मोआविजा राशि देल जायत।

———————————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू एहि घटना पर असीम दुख जतौलनि। सोशल मीडिया पोस्ट मे राष्ट्रपति कहलनि जे हुनका भगदड़ मे कतेको लोक सभ के मारल जयबा पर अत्यंत दुख भेल अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि घटना पर दुख व्यक्त कयलनि। ओ कहलनि जे भगदड़ के घटना पर ओ व्यथित छथि आ हुनक संवेदना एहि घटना मे मारल गेल लोक सभक प्रियजन लोकनिक संग अछि। ओ घायल सभ के शीघ्र स्वस्थ होयबाक कामना कयलनि। श्री मोदी कहलनि जे अधिकारी भगदड़ सँ प्रभावित लोक सभ के सभ तरहक सहायता प्रदान कऽ रहलाह अछि। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां अपन संदेश मे एहि घटना के पीड़ादायक जनौलनि। ओ हताहत लोक सभ के परिजनक प्रति असीम संवेदना

जतौलनि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार घटना मे मारल गेल लोक सभक प्रति अपन संवेदना जतौलनि। श्री कुमार भगदड़ के घटना मे मारल गेल बिहारवासी के निकट संबंधी सभ के दू–दू लाख टाका आ घायल सभ के पचास–पचास हजार टाकाक अनुग्रह राशि देबाक घोषणा सेहो कयलनि अछि।

————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन प्रगति यात्राक दरमियान आइ भोजपुर पहुंचलाह। मुख्यमंत्री जगदीशपुरक काकिला गाम मे आयोजित समारोह मे जिलाक लेल चारि सय छओ करोड़ टाका सँ बेसीक योजना सभक लोकार्पण आ शिलान्यास कयलनि। मुख्यमंत्री शाहाबाद क्षेत्रक लेल कतेको विकास योजनाक घोषणा कयलनि। एहि योजना सभ मे जीरोमाईल– असनी ओवरब्रिज, पकड़ी चौक सँ बामपाली फोरलेन, आरण्य देवी मंदिर सँ आरा–बक्सर फोरलेन पथ चौड़ीकरण, जीरोमाईल–आरा सँ पातर धरि फोरलेनक निर्माण सम्मिलित अछि।

————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समितिक दिस सँ आयोजित मैट्रिकक वार्षिक परीक्षा काल्हि सँ आरंभ भऽ रहल अछि। पच्चीस फरवरी धरि दू पाली मे परीक्षाक आयोजन कयल जायत। समितिक अध्यक्ष आनंद किशोर जनौलनि जे परीक्षाक लेल प्रदेश भरि मे एक हजार छओ सय सतहत्तरि परीक्षा केन्द्र बनाओल गेल अछि। ओ जनौलनि जे एहि बेर परीक्षा मे पंद्रह लाख पचासी हजार सँ बेसी

विद्यार्थी सम्मिलित होयताह। जाहि मे आठ लाख अठारह हजार छात्रा सभ छथि। श्री किशोर जनौलनि जे परीक्षार्थी सभ के परीक्षा आरंभ होयबा सँ तीन मिनट पहिनहि धरि परीक्षा भवन मे प्रवेश देल जायत। श्री किशोर स्पष्ट कयलनि जे परीक्षा केन्द्रक गेट बंद होयबाक बाद देवालफानि कऽ प्रवेश करब आपराधीक कृत्य मानल जायत। ओ कहलनि जे परीक्षा केन्द्रक लऽग पास धारा एक सय चौवालीस लागू रहत। बोर्ड मैट्रिक परीक्षा के लऽकऽ पटना मे एक कंट्रोल रूमक स्थापना कयलक अछि। एम्हर शिक्षा मंत्री सुनील कुमार विद्यार्थी सभक उज्ज्वल भविष्यक कामना कयलनि अछि आ उत्तम भविष्यक लेल शुभकामना देलनि।

---

समाप्त